



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PERYÒD APLIKASYON OUVRI POU KONPETISYON MANJE AK AGRIKILTI GROW-NY

***Konpetisyon 3 milyon dola gen objektif transfòmè endistri alimantè ak agrikòl nan
rejyon Nò New York***

***Konpetisyon resevwa finansman atravè Inisyativ Revitalizasyon rejyon Nò -
Finger Lakes Forward, CNY Rising ak Southern Tier Soaring - estrateji rejyonal
global pou revitalize kominote ak devlope ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse peryòd aplikasyon ouvri kounye a pou premye etap nan konpetisyon manje ak agrikilti Grow-NY. Konpetisyon an konsantre sou devlope yon gwoup inovasyon dirab nan kesyon manje ak agrikilti nan rejyon Finger Lakes, New York Santral, ak Southern Tier nan New York. Konpetisyon an, ki pral fonksyone sou twa etap, pral ofri yon total 3 milyon dola nan finansman pou chak etap pou konpayi an demaraj inovan ki gen gwo kwasans ki konsantre sou endistri manje ak agrikilti. Aplikasyon rete ouvri pou konpayi an demaraj nan tout monn lan pou patisipe pou resevwa 1 milyon dola premye pri, de pri pou 500,000 dola ak kat pri pou 250,000 dola.

"Endistri agrikilti New York lan se youn nan meyè nan monn lan, epi konpetisyon Grow-NY lan pral atire konpayi an demaraj inovan ki konsantre sou endistri sa a pou vin etabli yo nan rejyon Nò New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou mennen nouvo konpayi pou jwenn nouvo fason pou transfòmè endistri manje ak agrikilti eta nou an, n ap kontinye ranfòse ekonomi rejyonal sa yo epi sipòte kwasans nan endistri vital sa a onivo tout eta a."

"New York gen pami meyè pwodwi alimantè nan monn lan, epi endistri agrikilti a se yon eleman enpòtan nan ekonomi rejyon nò nou an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a, te deklare.** "Pou kontinye konstwi sou envestisman nou yo nan agrikilti, nou te lanse konpetisyon Grow NY pou finanse ak sipòte konpayi an demaraj nan endistri an. Nou angaje pou sipòte ide inovan, estimile kwasans travay, ak pwomouvwa fèm ak pwodwi agrikòl nou yo ki pral kontinye ranfòse ekonomi an."

Yo te anonse l inisy Alman nan diskou Sitiyasyon Eta Gouvènè a ane sa a, inisyativ Grow-NY lan konstwi sou eritaj reyisi lòt konpetisyon eta te sipòte tankou 43North, Genius NY, Luminare NY ak 76West. Finansman pou konpetisyon Grow-NY lan pral ofri atravè Inisyativ Revitalizasyon rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiatives) ki konekte ak twa rejyon yo - Finger Lakes Forward, CNY Rising ak Southern Tier Soaring. Gen plis enfòmasyon sou Grow-NY lan ki disponib [isit la](#).

Cornell University pral jere konpetisyon an atravè [Sant pou Avansman Ekonomik Rejyonal \(Center for Regional Economic Advancement\)](#) li an nan kanpis Ithaca li an nan Konte Tompkins epi nan kanpis Cornell AgriTech nan Vil Geneva. Gayan yo pral bezwen angaje yo pou opere nan rejyon Finger Lakes, New York Santral oubyen Southern Tier pou pandan omwen yon ane epi yo pral bezwen aksepte pou patisipe nan yon pwogram pataj ekite kote yon moso nan pwofi yo pral retounen anndan pwogram lan. Anplis pri lajan, konpetisyon sa a pral sipòte tout depans operasyonèl, pwomosyonèl ak ekzekisyon sa enkli maketin, evènman ak pwogram ankadreman ki pral pote finalis yo nan twa rejyon yo, sipòte devlopman yo ak ankouraje koneksyon ak kominote agrikilti, manje ak inovasyon.

Yo pral aksepte aplikasyon pou konpetisyon Grow-NY jiska 15 Jiyè 2019. Nan aplikasyon sa yo, yo pral chwazi jiska 20 semi-finalis epi yo pral antre nan faz ankadreman ak devlopman antrepriz soti nan Dawou rive nan Novanm. Yo pral prezante antrepriz yo devan yon gwoup jij endistri nan Somè Manje ak Agrikilti Grow-NY (Grow-NY Food and Agriculture Summit), yon kolòk piblik ak salon pwofesyonèl ki etabli pou 12 ak 13 Novanm nan Sant Konvansyon Joseph A. Floreano Rochester Riverside. Dapre prezantasyon sa yo ak plan antrepriz ki akonpaye yo, jij yo pral anonse sèt gayan yo ki pral resevwa pri lajan ki baze sou senk kritè ki pral swiv yo:

- **Vyabilite Komèsyalizasyon ak Modèl Ekonomik:** potansyèl lan pou patisipan an jenere revni ak kenbe yon estrikti depans ki pèmèt yon antrepriz konpetitif ak dirab, demontre preparasyon teknolojik oubyen inovasyon pou satisfè pwopozisyon avantaj li an;
- **Avantaj Kliyan:** nan ki degre patisipan an ap ofri yon bagay kliyan yo vle peye pou li, epi adrese yon mache konsiderab;
- **Inovasyon Manje ak Agrikilti:** nan ki nivo kote patisipan an ap pouse sa yo konsidere kòm depwent nan endistri manje ak agrikilti, epi kontribye nan estati rejyon Nò New York kòm yon lidè global nan inovasyon nan mache sa yo;
- **Kreyasyon djòb rejyonal:** potansyèl lan pou kreye djòb bon kalite nan anprent Grow-NY lan; epi
- **Ekip:** kalite ak entegralite ekip lan ak preparasyon l pou l kenbe pwomès li yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zemsky te deklare, "Grow-NY kontinye sipò Eta New York pou konpetisyon antrepriz ki konstwi ekosistèm antreprenè epi pral kounye a pote teknoloji endistri ak inovasyon konpayi an demaraj - menm jan ak enpak ekonomik mezirab - pou zòn rich nan kiltivasyon ak agrikilti nan rejyon Finger Lakes, Santral ak Southern Tier".

Komisè Agrikilti Eta a Richard A. Ball te deklare, "Nou remèsye yo pou investisman sa a nan endistri agrikòl ak alimantè modèn Eta nou an, epi nou enpasyon pou n wè inovasyon sa mennen. Inisyativ sa a pral ede estimile ekonomi rejyon Nò nou an ak pwopaje nouvèl Eta New York ap pwodwi kèk nan manje ki meye, pi fre ak pi nourisan nan nasyon an".

Tom Schryver, Direktè Ekzekitif nan Sant pou Avansman Ekonomik Rejyonal nan Cornell, te deklare, "Cornell gen pasyon pou sipòte kwasans konpayi an demaraj ak avanse inovasyon revolusyonè nan manje ak agrikilti. Se yon onè pou n travay ansanm ak rejyon Finger Lakes, Santral, ak Southern Tier nan New York pandan y ap eksplwate

pil fòs yo pou etabli yon repitasyon global pou resevwa konpayi a siksè, modèn nan domèn manje ak agrikilti".

Ko-Prezidan Devlopman Ekonomik Rejyon nan Finger Lakes (Finger Lakes Regional Economic Development) Dr. Anne Kress, Prezidan Monroe Community College, ak Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral, Chanm Komès Zòn Metropolitèn Rochester (Greater Rochester Chamber of Commerce), te deklare, "Nou fyè pou n sipòte konpetisyon inovan sa a ki konsantre sou devlope endistri agrikilti ak manje nan eta a. Investisman REDC nan konpetisyon Grow-NY Gouvènè Cuomo an pral ede konekte patnè nan endistri lokal la ak ide depwent antreprenè sa yo epi pral kontinye sipòte apwòch a plizyè volè nou an ki te prezante nan Inisyativ Revitalizasyon rejyon Nò Finger Lakes Forward ki ap travay pou kreye yon ekonomi lokal ki pwospè".

Randy Wolken, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Fabrikan New York Santral la (Manufacturers Association of Central New York), ak Deborah Stanley, ki se Prezidan State University of New York nan Oswego, epi de koprezian Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon New York Santral la yo (Central New York Regional Economic Development Council) te deklare, "Eta New York kontinye viv kwasans san presedan nan endistri agrikilti ak manje. Konpetisyon Grow-NY Gouvènè an reprezante ankò yon lòt investisman eksitan nan kominote nou an pou kontinye sipòte kwasans djòb rejyon epi kontinye sipòte baz agrikilti nou an atravè New York Santral lè li asire rejyon an kontinye ap devlope".

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Southern Tier Harvey Stenger, Prezidan Binghamton University, ak Judy McKinney Cherry, Direktè Ekzekitif, Patenarya Konte Schuyler pou Devlopman Ekonomik (Schuyler County Partnership for Economic Development) te deklare, "Endistri agrikilti nan New York se youn nan sa ki pi prestijye nan nasyon an, epi inisyativ sa a ak investisman li an esansyèl pou siksè ekonomik kontini rejyon nou an. Konpetisyon Grow-NY lan apiye antrepriz inovan ak konpetitif epi li pral kontinye sipòte efò nou pou ranfòse ekonomi rejyon lan pou ede rejyon Southern Tier lan dekole".

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a ap konplèman pwogram "Finger Lakes Forward" la, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a te deja investi plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 pou tabli fondasyon pou plan an – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram "Finger Lakes Forward" la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan yo soumèt li a, gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Akselere "CNY Rising"

Anons jodi a ap konplèman inisyativ "Central NY Rising" lan, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a deja investi plis pase 5.6 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou tabli fondasyon pou plan an – lè li kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse espri antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè "Central NY Rising" an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan yo soumèt li a, gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Akselere "Southern Tier Soaring"

Anons jodi a vin konplèman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 6.2 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsònèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Vil Johnson ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè "Southern Tier Soaring" ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan yo soumèt li a, gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)